



20

KESYON ESANSYÈL

**KE TOUT FANM VIKTIM
VYOLANS DWE KONNEN**

KONNEN DWA OU SE PREMYE ETAP
POU KRAZE SIK VYOLANS LAN

Prezantasyon :

Ti liv sa a te prepare pou reponn, nan yon fason klè ak akeyan, kesyon ki pi souvan fanm viktim vyolans yo poze. Soti nan lwa Maria da Penha ak aksyon Ministè Piblik la, nou chèche bay **enfòmasyon ki fyab ak aksesib**, ki ka ede rekonèt vyolans lan epi ranfòse otonomi ou.

Ou pral jwenn isit la enfòmasyon **sou dwa ou, kalite vyolans yo**, fason pou rapòte yon ka, wòl **mezi pwoteksyon yo ak sèvis piblik ki disponib pou resevwa ak pwoteje ou**.

ENFÒMASYON SE YON DWA.

**OU GEN YON VWA, OU GEN VALÈ
E GEN CHEMEN KI POSIB.**

TI LIV SA A SE YON ENVIJASYON POU
CHÈCHE PWOTEKSYON, JISTIS AK DIYETE.

Rezime tematik

**20 kesyon esansyèl ke tout fanm ki nan
sitiyasyon vyolans dwe konnen :**

*Konnen dwa ou se premye etap
pou kraze sik vyolans lan.*

Rekonèt vyolans lan

1. Kisa vyolans ki baze sou sèks vle di ?
2. Ki kalite vyolans lwa Maria da Penha prevwa ?
3. Èske tout fanm pwoteje pa lwa Maria da Penha ?
4. Kijan pou m konnen si mwen nan yon relasyon abizif ?
5. Kisa sik vyolans domestik la ye ?

Konnen dwa mwen

6. Èske lwa Maria da Penha a aplike sèlman pou moun k ap viv ak agresè yo ?
7. Èske vyolans lan dwe fizik pou mwen ka denonse li ?
8. Ki kote mwen ka chèche èd oswa denonse vyolans lan ?

9. Èske mwen dwe prezante prèv pou m pote plent ?
10. Èske mwen ka kontinye ret lakay mwen menm apre mwen fin pote plent ?
11. Kisa mwen ka fè si li menase m si m chèche èd ?

Aksè ak jistis ak pwoteksyon

12. Kijan mezi pwoteksyon yo fonksyone ?
13. Èske pitit mwen yo tou pwoteje pa mezi pwoteksyon an ?
14. Kisa k ap pase si agresè a pa respekte mezi pwoteksyon an ?
15. Èske mwen ka pote plent menm si mwen te retounen viv avè l ?
16. Si li te deja atake m nan lòt okazyon, èske sa chanje yon bagay nan pwosedi a ?
17. Kisa fòmilè risk la ye e poukisa li enpòtan ?
18. Èske mwen gen dwa ak sipò sikolojik gratis ?
19. Kijan Ministè Piblik la ka ede m ?
20. Kisa pou m fè si mwen mal resevwa pa yon moun ki ta dwe ede m ?



Rekonèt vyolans lan

Souvan, vyolans pa konmanse ak yon pouse oswa yon agresyon fizik. Li ka parèt nan silans : nan fòm twòp kontwòl, yon kòmantè ki diminye w, oswa yon menas kache. Kesyon nan seksyon sa a te prepare pou ede w bay non ak sa ou santi ak sa w ap viv.

Isit la, n ap pale de sa ki rele vyolans ki baze sou sèks, kalite vyolans lwa Maria da Penha rekonèt ak siy ki montre ke ou ka nan yon relasyon abizif. Konesans se premye etap pou kraze sik vyolans lan. Ou gen dwa viv ak diyite. Si gen yon bagay ki fè w mal, emosyonèlman oswa fizikman, se moman pou chèche èd epi pwoteje tèt ou.

OU PA POU KONT OU !

1. Kisa vyolans ki baze sou sèks la ye ?

Vyolans ki baze sou sèks vle di nenpòt aksyon oswa omisyon ki lakòz lanmò, domaj oswa soufrans fizik, seksyèl, sikolojik, moral oswa sou byen yon fanm **jis paske li se fanm**. Vyolans lan se pwodwi inegalite istorik ant gason ak fanm epi li ka fèt nan plizyè kote — lakay, nan travay, lekòl, sou Entènèt oswa nan lari — e pa nenpòt moun, ke se yon etranje oswa yon manm fanmi.

RETE VIJILAN !

Vyolans ki baze sou sèks pa limite a zak ekstrèm : li souvan komanse an silans, nan yon fason sibtil e natiralize, tankou ka jalouzi oswa twòp kontwòl.

2. Ki kalite vyolans lwa Maria da Penha prevwa ?

Lwa n. 11.340/2006, ke yo konnen kòm lwa Maria da Penha, rekonèt senk fòm vyolans kont fanm yo :

► **Vyolans fizik**

Tout agresyon ki fè mal nan kò yon fanm : pouse, rale cheve, kalòt, kout pwen, kout pye, etranglema, pa egzanp.

► **Vyolans seksyèl**

Aksyon ki atake diyite seksyèl, tankou fòse rapò seksyèl oswa lòt zak entim san konsantman, menm nan kad yon relasyon.

► **Vyolans sikolojik**

Konpòtman ki lakòz yon domaj emosyonèl, tankou imilyasyon, joure, manipilasyon, menas ak kontwòl sou lavi ou.

► **Vyolans patrimonyal**

Pran osinon detwi byen, dokiman, lajan oswa objè ki pou fanm nan.

► **Vyolans moral**

Jouman, difamasyon oswa fo akizasyon ki atake onè ak repitasyon fanm nan, enkli sou rezo sosyal yo.

Fòm vyolans sa yo ka parèt poukont yo oswa konbine ansanm, **e yo souvan vin pi grav ak tan.**

3. Èske tout fanm pwoteje pa lwa Maria da Penha ?

Lwa Maria da Penha a aplike pou **tout moun ki idantifye kòm fanm**, tankou fanm trans ak travesti, kèlkeswa laj yo, klas sosyal yo, ras yo, orijin etnik yo, oryantasyon seksyèl yo oswa idantite de jan yo. Pwoteksyon an aplike depi gen yon sitiyasyon vyolans nan relasyon domestik, fanmi oswa afektif, sa vle di kote ki ta dwe gen respè, atansyon ak konfyans.

ATANSYON, FANM IMIGRAN

Ou menm tou, ou pwoteje pa lwa Maria da Penha. Pa gen pwoblèm nasyonalite ou, sitiyasyon imigratwa ou oswa tan ou pase nan peyi Brezil. Si ou se viktim vyolans domestik oswa fanmi, ou gen menm dwa ak nenpòt fanm brezilyen pou jwenn pwoteksyon, sipò, ak aksè a jistis.

Si sa nesesè, ou ka jwenn asistans gratis, tankou èd yon entèprèt ak enfòmasyon nan lang ou.

Pwoteksyon pa gen fwontyè.

4. Kijan pou m konnen si mwen nan yon relasyon abizif ?

Sik vyolans lan kòmanse ak ti zak mepri, ki vin abityèl epi, piti piti, prive fanm nan libète li, byennèt li ak estim pwòp tèt li. Pa tann yon agresyon fizik ki pi grav pou mande èd. Si ou souvan santi ou meprize, mal alèz, siveye oswa si ou pè pou ou kontredi patnè ou, rete vijilan : afeksyon an deja tounen move tretman !

Men kèk siy komen yon relasyon abizif :

- ▶ kontwòl sou rad ou, zanmi ou oswa rezo sosyal ou ;
- ▶ jalouzi twòp kache dèyè enkyetid ;
- ▶ kritik konstan, joure oswa chantaj ;
- ▶ menas (pami yo menas pou fè tèt li mal oswa pou fè lòt moun mal).

SONJE :

Vyolans emosyonèl,
sikolojik ak senbolik fè mal tou
— e se vyolans !

Rete vijilan devan siy yo

Li menase touye w oswa li fè w sibi lòt menas grav

Menas pou **l touye tèt li**

Li bat ou

Li pouse w, souke w

Li pichkannen w

Li fòse w gen relasyon seksyèl

Li menase w **ak zam**

Li kontwole tan ou pase sou WhatsApp

Li antre **sou rezo sosyal ou**

Li detwi zafè pèsonèl ou (foto, objè, dokiman)

Li entimide w fizikman oswa vèbalman

Li imilye w an piblik

Kontwole amitye w, fanmi ou, aktivite ou, rad ou

Li joure w

Li pase w nan rizib

Li blame w

Li jalou

Li inyore w (lè nou poukont nou)

Li twonpe w, li bay manti (sou kote li te ye, sa li te fè oswa sa li te di)


Li fè **blag ofansan** (sou aparans ou, fason ou ye)

5. Kisa espiral vyolans domestik la ye ?

Se yon modèl konpòtman ki repete kote agresè a altène ant moman tansyon ak kontwòl, ki swiv pa eksplozyon vyolans, epi apre sa, demann padon, demonstrasyon repantans ak rechèch rekonsilyasyon. Kòm zak vyolan yo souvan swiv pa **pwomès pou chanje** oswa “sa pap janm rive ankò”- epi ak efò inisyal pou rekòmanse afeksyon an, li vin pi difisil pou remake vyolans lan, **ki gen tandans vin pi grav ak tan.**

Rekonèt sik vyolans lan esansyèl
pou kraze relasyon abizif yo epi reprann
wout ki mennen nan kè kontan.


OU PA POU KONTOU !



Faz apik sik la, kote tansyon ki te akimile nan etap anvan an vin materyalize nan plizyè fòm vyolans, vèbal ak fizik.

Agresè a adopte konpòtman vyolan sou plan moral ak sikolojik, tankou menas, lòd, joure, epi li vin de plizanpli enstab.

Peryòd trankilite kote viktim nan santi konpòtman agresè a chanje, li kwè pwoblèm nan fini, epi li sispann panse sou separasyon.



Konnen dwa mwen

Ou gen dwa. Lalwa garanti pwoteksyon pou ou. Ou ka jwenn moun ki dispoze koute ou epi resevwa ou avèk respè. Nan chapit sa a, n ap eksplike prensipal garanti lalwa Maria da Penha bay, nan yon langaj klè e objektif. N ap montre w kijan mezi pwoteksyon yo fonksyone, kisa ki rive si agresè a repete zak yo, ki wòl fòmilè evalyasyon risk la genyen, epi kijan pwoteksyon yo ka elaji pou pwo-teje timoun ou yo tou. Tout sa fè pati yon sistèm pwo-teksyon ki fèt pou sekirite ou ak endepandans ou. Konnen dwa ou se yon zouti ki ba ou konfyans pou pran bon desi-zyon. Ou pa bezwen fè tout bagay pou kont ou, epi ou pa dwe pè mande èd.

6. Èske lwa Maria da Penha a sèlman aplike pou moun ki viv nan menm kay ak agresè a ?

Non. Pwoteksyon lalwa Maria da Penha a pa depann si moun yo ap viv ansanm nan menm kay ou pa. Lwa a aplike depi yon fanm viktim vyolans nan yon relasyon—kit li domestik, nan fanmi, oswa nan relasyon entim. Menm si koup la deja separe, oubyen si se de moun k ap frekante ki pa t janm viv ansanm, lwa a toujou pwoteje fanm nan.

7. Èske vyolans dwe fizik pou m ka denonse l ?

Ditou pa. **Vyolans sikolojik, seksyèl, moral ak sou byen materyèl** yo se fòm vyolans lalwa Maria da Penha rekonèt tou. Pa bezwen gen mak sou kò a pou plent lan aksepte. Okontrè, rekòmande depi ou remake nenpòt ti siy vyolans, **chèche èd ak rezo pwoteksyon an pou kraze sik vyolans lan.**

SILANS SÈLMAN PWOLONJE SIK VYOLANS LAN

EPI LI PWOTEJE AGRESÈ A.

Men chak fanm bezwen tan pou reflechi
epi pran bon desizyon pou lavi pa yo.
N ap respekte tan pa ou!

8. Ki kote m ka jwenn èd oswa denonse zak vyolans?

Ou ka chèche:

- ▶ **Komisarya Polis espesyalize pou fanm** yo ou nenpòt lòt komisarya ki nan vil ou ;
 - ▶ **Ministè Piblik** atravè medyatè a, inite resevwa viktim yo oubyen **depatman espesyalize** ki ede fanm viktim vyolans ;
 - ▶ **Sant Referans pou Akeyi Fanm yo** ak lòt sèvis asistans sosyal lokal tankou CRAS ak CREAS ;
- Rele nan 180** (sèvis resevwa fanm yo — apèl gratis ak konfidansyèl).

Ou **pa bezwen pare pou depoze plent pou mande èd**. Ou ka rele pou poze kesyon, mande konsèy, pale, konnen posiblite ou yo. **Premye pa a pa yon obligasyon: se yon dwa, pa w.**

PA BLIYE !

Nan ka ijans oswa yon gwo danje imedya,
rele 190 epi rele Lapolis Militè !

KONFIDANSYALITE SE YON DWA

Si ou deside fè yon denonsyasyon, konnen ke idantite ou ap rete pwoteje.

Denonsyasyon vyolans domestik ak vyolans fanmi kont fanm trete **an sekre nan sistèm jistis la**. Menm si ou pa gen anyen pou kache oswa ou santi w wont, **pèsonn — eksepte otorite ki angaje nan ka a — pap gen aksè ak enfòmasyon yo**.

9. Èske mwen oblije prezante prèv pou m depoze plent ?

Pou anrejistre yon plent, **temwayaj ou sifi**. Temwayaj fanm nan konsidere kòm yon prèv enpòtan e li ka pwen depa pou ankèt yo. **Si ou genyen mesaj, anrejistreman odyo, videyo, foto oswa temwayaj lòt moun, ou ka bay eleman sa yo epi kolabore...** ak ankèt la. Absans prèv materyèl yo **pa anpeche** depoze plent ni pa anpeche otorite yo bay mezi pwoteksyon.

Pawòl ou konte !

10. Èske mwen ka rete nan kay mwen menm apre mwen fin depoze plent ?

Wi. Lwa Maria da Penha garanti fanm **yo dwa pou yo rete lakay yo**, epi li pèmèt yo bay lòd pou **agresè a rete lwen**. Objektif la se garanti ou **pa pini pa pèdi espas ou oswa lyen fanmi ou**.

Si ou pito kite kay la, konnen ou gen dwa pou resevwa **èd lwaye** pandan jiska sis mwa. Nan ka ijans, chèche **Kay-Abri** nan zòn ou an, yon enstitisyon ki kapab resevwa fanm ak pitit yo ki ap viv nan sitiyasyon vyolans domestik ak fanmi.

11. Kisa mwen ka fè si li menase m si m mande èd ?

Menas se tou yon fòm vyolans e li ka konsidere kòm yon krim. Si ou santi ou an danje, chèche èd pi vit ke posib nan yon komisarya polis pou fanm, nan Ministè Piblik oswa lè ou rele 180. Enstitisyon sa yo enfòme w sou dwa ou ak mezi ki disponib pou pwoteje w. **Si menas la grav e ou santi ou an danje, rele imedyatman polis militè a nan 190. Ou pa pou kont ou** -gen yon rezo ki pare pou resevwa w epi pwoteje w !



Aksè a jistis ak pwoteksyon

Konnen kote pou jwenn èd fè tout diferans lan. Isit la ou pral jwenn konsèy sou mwayen ki disponib pou denonse vyolans, jwenn sipò sikolojik, garanti rete w nan lojman w ak pwoteje w kont menas ak pèsèkisyon. Nou pral eksplike w kijan sèvis asistans yo fonksyone, wòl Ministè Piblik la, rezo pwoteksyon an ak sa pou w fè si yo pa resevwa w byen. Jistis la gen obligasyon pou tande w ak ajì. Pa gen okenn wont pou mande èd. Gen fòs, kouraj e dwa. Pwoteksyon se yon devwa Leta. E byenèt ou enpòtan !

12. Kijan mezi pwoteksyon yo fonksyone ?

Mezi pwoteksyon ijans yo se zouti lalwa Maria da Penha prevwa **pou garanti sekirite w epi mete fen nan sik vyolans lan**. Yo ka mande nan yon Komisarya Polis oswa nan Ministè Piblik depi premye entèvansyon an. Men kèk mezi posib ki kapab detèmine pa yon jij :

- a. **retire agresè a imedyatman nan kay la oswa nan anviwònman ou ;**
- b. **entèdiksyon nenpòt fòm kontak avèk ou**, pwòch ou yo ak nenpòt temwen posib ;
- c. fikse yon **distans minimòm ant ou**, pwòch ou yo ak agresè a ;
- d. **garanti pou w ka rete nan kay fanmi an**, si w ta vle sa ;
- e. **sispansyon dwa agresè a pou pote zam ;**
- f. fikse yon **pansyon alimantè ;**
- g. **restriksyon oswa sispansyon vizit pou timoun minè yo.**

Lòt mezi kapab aplike si yo pèmèt garanti pwoteksyon ak sekirite fanm viktim vyolans, tankou siveyans agresè a ak braslè elektwonik. **Akòz ijans sitiyasyon an, tribinal la dwe egzaminen mezi pwoteksyon yo nan yon delè 48 èdtan.**

ENPÒTAN :

Mezi pwoteksyon ijans yo pa gen dat ekspirasyon
e yo dwe rete valab osi lontan ke risk la pèsiste
pou fanm viktim vyolans lan oswa
pou manm fanmi li yo.

13. Èske pitit mwen yo tou pwoteje pa mezi pwoteksyon an ?

Pwoteksyon an kapab elaji pou timoun yo ak lòt moun ki ap viv avèk fanm **nan epi ki an danje**. Tribinal la ka sispann vizit agresè a bay timoun yo oswa otorize yo **fèt nan espas sipèvize**, pou garanti entegrite emosyonèl ak fizik fanmi an.

Si gen bezwen chanje adrès akòz vyolans lan, Lwa Maria da Penha garanti enskripsyon ak transfè pitit ou yo nan lekòl ki pi pre nouvo kay la.

14. Kisa k pase si agresè a pa respekte mezi pwoteksyon an ?

Mank respè yon mezi pwoteksyon se yon deli epi li bay otorizasyon pou **arestasyon agresè a an flagran oswa pou mete l an detansyon pwovizwa**. Se poutèt sa, tout tantativ kontak, apwòch oswa vyolasyon desizyon

jidisyè yo dwe imedyatman rapòte bay otorite yo. Mezi pwoteksyon ijans lan mete ou an sekirite. Pa minimize risk la, epi pa ezite rele polis militè a nan 190 si mezi a pa respekte.

15. Èske mwen kapab depoze plent menm si mwen retounen avè l ?

Sa trè komen ke, poutèt lakrent, afeksyon oswa depan-dans emosyonèl ak finansye, fanm bay relasyon an yon lòt chans. Men, kèlkeswa chwa w, **rekonsilyasyon pa efase vyolans ou te sibi a**, li pa retire posiblite pou mande pwoteksyon ou merite, epi li pa anile dwa ou pou fè agresè a reponn de zak li yo.

16. Si li te deja agrese mwen anvan, èske sa chanje anyen nan pwosedi a ?

Wi. **Reensidans kapab ogmante pinisyon agresè a epi fè nesesè yon mezi pwoteksyon ki pi sevè.** Menm si ou pa t rapòte zak vyolans yo anvan, li enpòtan pou fè konnen epizòd ki te pase yo. **Sa ede otorite yo evalye risk eskalad vyolans lan** epi aplike mezi efikas pou pwo-teje ou ak fanmi ou.

17. Kisa fòmilè risk la ye e poukisa li enpòtan ?

Fòmilè nasyonal evalyasyon risk (FONAR) se yon zouti ki fèt **pou idantifye sitiyasyon vyolans grav oswa potansyèlman mòtèl**. Nan evalyasyon sa a, gen kèk kesyon ki merite atansyon ou, paske yo dekri sikonstans — **katalis vyolans** — ki endike yon agravasyon nan sitiyasyon abizif e yon risk ogmante pou feminisid. Se :

- ▶ **aksè a zam afe** oswa zam blan ;
- ▶ **menas lanmò li te fè avan**, menm lè li dekri kijan li ta fè l ;
- ▶ **ansyen dosye agresyon grav** (fizik, seksyèl, sikolojik) ;
- ▶ **agresivite anvè lòt moun**, tankou timoun yo, manm fanmi an oswa bèt ;
- ▶ **konpòtman ekstrèmman kontwolan**, ki gen ladan menas ak asèlman ;
- ▶ **tantativ separasyon resan** ;
- ▶ **konsomasyon twòp alkòl oswa lòt dwòg** ;
- ▶ **tantativ anvan pou trangle kou**, toufe oswa imobilize viktim nan.

Idantifye faktè sa yo pèmèt sistèm jidisyè a **aji rapid epi ak priyorite**, lè li adopte mezi ijans epi prepare yon plan sekirite ki adapte ak reyalyte ou. **Repons ou bay nan fòmilè a ede sove lavi, enkli lavi pa ou.**

18. Èske mwen gen dwa pou jwenn sipò sikolojik gratis ?

Wi. Èd sikolojik se yon dwa lwa Maria da Penha garanti. Nan anpil minisipalite, gen Sant Referans pou Akeyi Fanm (**CRAMs**) ki ofri **akonpayman sikolojik, konsèy jiridik ak asistans sosyal**, tout bagay sa yo gratis epi avèk konfidansyalite.

Li posib tou pou mande èd nan **CRAS, CREAS**, sèvis sante debaz oswa **inivèsite ki gen klinik-ekòl nan sikoloji**. Lè gen sitiasyon vyolans, swivi sikolojik se yon etap esansyèl pou **simonte twomatis yo, ranfòse estim pwòp tèt ou epi kase sik vyolans lan.**

19. Kijan Ministè Piblik la ka ede mwen ?

Ministè Piblik la jwe yon wòl kle nan pwoteksyon fanm ki viktim vyolans. Li aji atravè **pwokirè** yo, ki kapab :

- ▶ mande **mezi pwoteksyon ijans** devan lajistis ;
- ▶ swiv ak kontwole avansman ankèt ak pwosedi yo ;
- ▶ kowòdone ak òganis ki fè pati **rezò pwoteksyon ak èd pou fanm yo** ;
- ▶ **resevwa plent** atravè sèvis asistans pou viktim ak sant **akey**, kote yo fèt pou koute ou avèk atansyon, respè ak konfidansyalite.

Ou ka chèche Ministè Piblik la menm si ou pa depoze okenn plent. Sa ki enpòtan, **se pa rete an silans devan vyolans** lan epi konnen gen enstitisyon piblik ki gen devwa **pou tande ou, resevwa ou ak aji pou ou.**

20. Kisa mwen ka fè si mwen pa byen resevwa pa yon moun ki ta dwe ede mwen ?

Si ou te santi ou **meprize, dezavoue oswa anbarase** pa pwofesyonèl ki te sipoze akeyi plent ou, fè yon rapò. Akeyi ki pa imanize, pa kwè nan pawòl ou oswa minimize sa ou te viv se fòm vyolans enstitisyonèl. Nan ka konsa, ou kapab :

- ▶ kontakte **Medyatè Ministè Piblik** la ;
- ▶ anrejistre plent **nan 180** ;
- ▶ oswa fè apèl ak mwayen komunikasyon entèn **lapolis, sèvis sosyal oswa nenpòt lòt òganis** kote sèvis yo pa t ofri kòrèkteman.

SONJE BYEN

Ou gen dwa pou yo resevwa yon sèvis imanize,
ak respè e san jijman. Lefèt yo koute ou avèk serye ak diyite
fè pati dwa ou pou jwenn aksè ak lajistis.

Konnen dwa ou se yon etap enpòtan pou brize silans lan epi rebati lavi ou nan libète ak diyite. Konnen ou pa pou kont ou, konnen gen lwa ki pwoteje ou, sèvis ki la pou resevwa ou, ak enstitisyon ki gen devwa pou aji — tout sa ranfòse otonomi ou epi konfime valè egzistans ou.

Enfòmasyon se plis pase yon pwoteksyon : se yon zouti pou transfòmasyon. Pèsonn pa dwe viv nan pè oswa nan wont. Jistis kòmanse lè yo rekonèt ou kòm yon moun ki gen dwa — plen, pwisan, epi lib pou rekòmanse.

KOTE POU CHÈCHE ÈD :

Pou jwenn konsèy sou dwa ou ak sou lwa ki an vigè, pou rapòte ka vyolans oswa pou depoze plent sou sèvis referans yo e/ou pou yo voye ou nan yon sèvis espesyalize, kontakte :

180: Sant asistans pou denonse vyolans kont fanm

127: Sèvis resevwa reklamasyon MPSC

Telefòn : (48) 3229-9306

E-mail : ouvidoria@mpsc.mp.br

An pèsòn oswa pa korespondans :

Rua Pedro Ivo, 231, Térreo - Centro

Ed. Campos Salles - 88010-070 - Florianópolis/SC.



Oswa aksede **sistèm depatman plent sitwayen** nan depatman plent ministè piblik epi anrejistre deklarasyon ou :

sistemaouvidoriacidada.cnmp.mp.br/siscidadao/app/cidadao/manifestacao/cadastro/1/0

AN KA IJANS OSWA SI GEN YON RISK GRAV AK IMEDYA,
RELE 190 EPI AVÈTI LAPOLIS MILITÈ

SANT SIPÒ AK ASISTANS POU FANM KI NAN SITIASYON VIYOLANS :

Sant Referans Espesyalis nan Asistans Sosyal – CREAS : bay èd sikolojik ak sosyal nan ka vyolans, ede fanmi an rantrè nan pwogram sosyal ak pwojè pou fòmasyon pwofesyonèl, epi ankouraje otonomi finansye.

Sant Referans nan Asistans Sosyal – CRAS : bay èd sikolojik ak sosyal, ede fanmi an rantrè nan pwogram sosyal ak pwojè pou fòmasyon pwofesyonèl, epi sipòte otonomi finansye.

Kay-abri : resevwa fanm ak timoun yo lè gen risk lanmò, epi bay yo asistans sikolojik ak asistans legal.

Enstitisyon Mediko Legal– IML : fè egzamen mediko-legal ak lòt egzamen syantifik ki nesèsè.

Sèvis Swen pou Vyolans Seksyèl : bay swen medikal pou fanm ki viktim vyolans seksyèl.

Sant Sante : bay swen prevantif ak swen jeneral pou popilasyon an.

Rezo Catarina ak Patwouy Maria da Penha : kontwòle si mezi pwoteksyon ijans yo respekte, epi ofri sipò ak asistans pou viktim yo, ede yo prepare yon plan sekirite pèsonalize.

Ministè Piblik ak Pwokirè Jistis yo : bay asistans pou fanm viktim vyolans ; yo koute viktim yo, ranmase enfòmasyon ak prèv sou sa k pase, denonse agresè a, chèche responsablize li, mande mezi pwoteksyon ijans pou viktim nan ak fanmi li, e menm, mande prizon prevantif pou agresè a epi yo oryante fanm yo nan rezo sèvis espesyalize yo.

Eskane epi jwenn aksè :



Lwa Maria da Penha



Depatman plent
sitwayen
(CNMP)



Depatman plent
MPSC

IDEYALIZASYON

Ivana Lúcia Franco Cei

Konseye Nasyonal e responsab biwo plent Ministè Piblik la

Vanessa Wendhausen Cavallazzi

Pwokirè Jeneral Jistis MPSC a

ÒGANIZASYON

Chimelly Louise de Resenes Marcon

Manm kolaboratè depatman plent Nasyonal Ministè Piblik la e

Kowòdonatè Jeneral NEAVID/MPSC a

REVIZYON

Mariana Zanatta Doria, Heloísa Crescenti Abdalla Freire, Naiana Benetti, Fernanda Priorelli Soares Togni, Francieli Fiorin, Bianca Andrighetti Coelho, Daniela Böck Bandeira, Wendy Dutra Machado e Julia Soares Mafra.

TRADIKSYON

Orphelentz Joseph

PWOJÈ GRAFIK

Luíza Scremin Schwartz Sell

Konseye Kominikasyon nan Kowòdinasyon Kominikasyon Sosyal MPSC a

